

Irlande



KUBERA IKI AMAKURU YANJE BWITE ARUNGIKWA MURI EURODAC?

Ubwoko bwa A

ABASABA UBUHUNGIRO MPUZAMAKUNGU





KUBERA IKI NDIKO NDARONKA AKA GATABU?

Warasavye ubuhungiro mpuzamakungu, ari na bwo bita gusaba ubuhungiro, muri iki gihugu.

Aka gatabu karatanga ayandi makuru yerekeye amakuru azobikwa n'abategetsi be n'igihe azomara.



KUBERA IKI NTEGEREZA GUTANGA AMAKANDA Y'INTOKE ZANJE N'AMAFOTO YANJE?

Abategetsi muri icyo gihugu bazogufata amakanda y'intoke bagufata n'ifoto. Aya makuru, hamwe n'amakuru yerekana umwidondoro wawe hamwe n'ayandi makuru afitaniye isano n'ayo, azoca arungikirwa mu bubiko bw'amakuru bw'i Buraya bwitwa Eurodac.

Eurodac ihuza imigwi imwimwe y'abantu batari abenegihugu b'igihugu c'Umuryango w'Ubumwe bwa Buraya (EU+) n'amakanda y'intoke zabo be n'amafoto yabo vyihariye.

Ubwo bubiko bw'amakuru bukoreshwa n'ibihugu vyose 31 vy'Umuryango w'Ubumwe bwa Buraya (EU+) bishobora gukoresha amakuru yawe kugira ngo bigarukane amakuru yawe. Ibihugu bigize Umuryango w'Ubumwe bwa Buraya (EU+) biri mu rutonde ruri ku mpera y'aka gatabu.



NI IRIHE TEGEKO RIGENGA GUSABA UBUNHUNGIRO CO GUCUNGERA ABIMUKIRA?



Ibihugu bigize Umuryango w'Ubumwe bwa Buraya (EU+) vyemeranije kw'itegeko rusangi ryitwa Itegeko rigenga Gusaba Ubuhungiro no Gucungera Abimukira rifasha mu guhitamwo igihugu gikeneye gusuzuma ikibazo c'ugusaba ubuhungiro mpuzamakungu. Iryo tegeko riratuma kandi ibihugu vy'Umuryango w'Ubumwe bwa Buraya (EU+) bifashanya mu gihe igihugu kimwe kironse abasaba ubuhungiro benshi cane mu gihe kimwe.

Urashobora kwizigira ko kimwe mu bihugu vy'Umuryango w'Ubumwe bwa Buraya (EU+) kizoca gisuzuma ukwo gusaba kwawe ubuhungiro mpuzamakungu, ariko ntushobora guhitamwo igihugu c'Umuryango w'Ubumwe bwa Buraya (EU+) kizoba kijejwe ico kibazo. Igihugu gisuzuma ugusaba ubuhungiro kwawe kizofatirwa ingingo hisunzwe amategeko agengwa n'Itegeko rigenga Gusaba Ubuhungiro no Gucungera Abimukira.

Mu gihe wimukiye mu kindi gihugu c'Umuryango w'Ubumwe bwa Buraya (EU+) ata ruhusha ufise, hanyuma bakongera kugufata amakanda y'intoze zawe, amakuru yawe yose abitswe mu bubiko bwa Eurodac azoca abonwa n'abategetsi b'ico gihugu.

Uri ubu mu Irlande, kikaba ari igihugu co mu Muryango w'Ubumwe bwa Buraya (EU+). Ibihugu vyo mu Muryango w'Ubumwe bwa Buraya (EU+) ni:



Ibihugu 27 bigize Umuryango w'Ubumwe bwa Buraya (EU): Austria, Belgium, Bulgaria, Croatia, Cyprus, Czechia, Denmark, Estonia, Finland, France, Germany, Greece, Hungary, Italy, Latvia, Lithuania, Luxembourg, Malta, Netherlands, Poland, Portugal, Republic of Ireland, Romania, Slovakia, Slovenia, Spain, Sweden na



Ibindi bihugu 4: Iceland, Liechtenstein, Norway, Switzerland.

➤ NI AYAHE MAKURU ABIKWA MURI EURODAC?



Aya makuru akurikira yama buri gihe abikwa:

- amakanda y'intoze zawwe
 - ifoto y'isura yawwe
 - amazina yose ukoresha ubu canke ayo wakoreshaje muri kahise
 - igenekerezo ryawe ry'amavuka
 - aho wavukiye
- ubwenegihugu bumwe canke bwinshi bwawe
 - igitsina cawe
 - amakopi y'indangamuntu canke ibipapuro vy'inziira wakoreshaje, nimba bihari, harimwo n'amakuru yerekana ko ari ivy'ukuri
 - Indangamuntu (ID) y'umukozi w'ikigo yafashe amakanda yawwe y'intoze n'ifoto yawwe hamwe n'amagenekerezo amakuru yawwe yafatiweko yongera ararungikwa
 - igihugu wasavyemwo ubuhungiro mpuzamakungu
 - igenekerezo ry'isabwa ry'ubuhungiro mpuzamakungu.

Aya makuru akurikira azoba kandi abitswe muri Eurodac aho bikenewe:

- igihugu kijejwe gusuzuma ugusaba ubuhungiro kwawe
- mu gihe wimuriwe ahandi, igihugu c'Umuryango w'Ubumwe bwa Buraya (EU+) wimuriwemwo
- nimba ugusaba ubuhungiro kwawe kwaranswe kandi ukaba utagishoboye kuronka uburenganzira bwo kuguma mu bihugu bigize Umuryango w'Ubumwe bwa Buraya (EU+)
- nimba ugusaba ubuhungiro kwawe kwasuzumwe hisunzwe uburyo bwo gusaba ubuhungiro ku mupaka maze kurankirwa canke ugusaba ubuhungiro kwawe kwafashwe nk'ukwakuwe kurutonde
- amakuru yerekeye impusha izo ari zo zose zo kwinjira mu gihugu yatanze n'igihugu c'Umuryango w'Ubumwe bwa Buraya (EU+)
- amakuru y'igihe cose wavuye mu karere k'ibihugu bigize Umuryango w'Ubumwe bwa Buraya (EU+)
- amakuru y'uko wemeye gusubira mu gihugu cawe c'amavukiro ku bushake.

Urafise uburenganzira bwo kubona no guhindura amakuru atari yo abitswe muri Eurodac no gusaba ko ayo makuru yawe ahanagurwa mu gihe yaba yafashwe mu buryo butemewe n'amategeko. Urashobora kuvugana n'uwugenzura ayo makuru kugira ubikore. Amakuru y'ingene wovugana n'uwujwe kugenzura amakuru urashobora kuyasanga mu gatabu gafise umutwe w'ijambo uvuga ngo **'Ivyo ukwiye kumenya ku bijanye na Eurodac'**.

➤ NI IGIHE KINGANA GUTE AMAKURU YANJE BWITE AZOBIKWA MURI EURODAC?



Amakuru yawe azobikwa imyaka 10 hanyuma ahanagurwe aho nyene.

Niwaronka ubwenegihugu mu gihugu c'Umuryango w'Ubumwe bwa Buraya (EU+) imbere y'uko ico kiringo kirangira, amakuru yawe azoca ahanagurwa. Mu gihe ayo makuru yahanaguwe, ivyo nta ngaruka bizogira ku kibanza cawe mu gihugu waronsemwo ubwenegihugu.

➤ HOBA HARI AYANDI MAKURU AYO ARI YO YOSE ABIKWA MURI EURODAC?

Ivyashitsweko mu gusuzuma umutekano wawe bizobikwa mu gihe abategetsi basanze woshobora kuba:

- utunze inkoho
- uri inkazi
- waragize uruhara mu vyaha vy'iterabwoba
- warakoze icaha gikomeye gishobora gutuma ufungirwa mu kindi gihugu c'Umuryango w'Ubumwe bwa Buraya (EU+).

Mu bihe nk'ivyo, bizokwiyumvirwa ko woshobora kubangamira umutekano w'imbere mu gihugu. Ivyo bizoguma bibitswe muri Eurodac hamwe n'imvo imwe canke imvo nyinshi zikoreshwa zerekanywe aho haruguru.

Mu gihe ibihugu bigize Umuryango w'Ubumwe bwa Buraya (EU+) bitazoba bikikubona nk'uwugeramira umutekano w'imbere mu gihugu, ayo makuru azoca ahanagurwa.

Urafise uburenganzira bwo kubona no guhindura amakuru atari yo abitswe muri Eurodac no gusaba ko ayo makuru yawe ahanagurwa mu gihe yaba yafashwe mu buryo butemewe n'amategeko. Urashobora kuvugana n'uwugenzura ayo makuru kugira ubikore. Amakuru y'ingene wovugana n'uwujejwe kugenzura amakuru urashobora kuyasanga mu gatabu gafise umutwe w'ijambo uvuga ngo **'Ivyo ukwiye kumenya ku bijanye na Eurodac'.**



Iyo nyandiko y'ic'itonderwa yagenewe gusa gutanga amakuru. Ntigashiraho ubwako uburenganzira canke amabwirizwa. Nta muntu n'umwe, yaba EUAA canke uwundi muntu wese akora mw'izina rya EUAA, ajejwe ikoreshwa ry'amakuru ari muri iyi nyandiko y'ic'itonderwa y'aka gatabu.

© Ishirahamwe ry'ubumwe bwa Buraya rijejwe ivy'Ubuhungiro, 2025 (European Union Agency for Asylum, 2025)